6. Алымов А. Қарақалпақ лиро-эпикалық дәстанлары «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис-1983. 120.б.
7. Андреев-Кривич С.А. Лермонтов. Вопросы творчества и биографии. Изд. Акад. Наук СССР, М., 1954, стр. 107-115.
8. Алымов А. Қарақалпақ лиро-эпикалық дәстанлары «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис-1983. 120.б.
9. Короглы Х. «Шасанем и Гариб, народный дастан», М., 1955, стр. 91-93.
10. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. Нөкис «Билим» баспасы 1996. 282. б.

РЕЗЮМЕ. Қорақалпоқ халқ достонининг «Ошиқ Гариб» асарининг келиб чиқиши ва тарихий манбалари ўрганилади. «Ошиқ Гариб» достонининг эволюцияси Ўрта Осиё ва Балқан халқ вариантларини қиёслаш йўли билан ўрганилади.

РЕЗЮМЕ. Изучены происхождение и исторические источники каракалпакского народного эпоса «Гарип-Ашик». Эволюция эпоса «Гарип-Ашик» изучается путем сравнения среднеазиатского и балканского народных вариантов.

SUMMARY. The origin and historical sources of the Karakalpak folk epic "Garip-Ashik" are studied. The evolution of the epic "Garip-Ashik" is studied by comparing the Central Asian and Balkan folk versions.

ОРАЗБАЙ СӘТБАЕВТЫҢ ҚОСЫҚЛАРЫНДА ЎАТАН, ТУЎЫЛҒАН ЖЕР ҲӘМ ЕЛ-ЖУРТ ҲАҚҚЫНДАҒЫ КЕШИРМЕЛЕРИ

С.У.Файзуллаева – *оқытыўшы*
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты
Нөкис филиалы

Таянч сўзлар: лирик кечинма, поэзия, лирик қаҳрамон, шеър, ички форма.
Ключевые слова: лирическое возбуждение, поэзия, лирический герой, стихотворение, внутренняя форма.
Key words: lyrical excitement, poetry, lyrical hero, poem, inner form.

Ҳәр бир көркем сөз дөретиўшиси, шайыр яки жазыўшы дәслепки ҳәўескер пайытында-ақ, көркем шығарма дөретиўдеги ең туңғыш темасы оның туўылған жерине, Ана Ўатанына болған сүйиспеншилигинен басланады. Бул оның дөретиўшилик мәжбүриятынан емес, ал туўылған жердиң инсан кеўлине бағышлайтуғын жыллы сезимлери, сүйиўшилигинен пайда болатуғын кеширмелери негизинде тәбийий жүзеге шығады. Белгили сөз устасы, шайыр Дж.Байрон (1788-1824) «Ким өз журтын сүймесе, ол ҳеш нәрсени сүйе алмайды», ал рус жазыўшысы М.Е.Салтыков Щедрин (1826-1889) Ўатан ҳаққында: «Ең әҳмийетлиси, Ўатанға муҳаббатың, муҳаббатың ҳәм және муҳаббатың! Усы муҳаббат саған сондай күш-қуўат береди, қалған ҳәмме нәрсениң шешимин аңсат таба аласаң» деген еди. Ўатансүйиўшилик белгили бир халықтың өзине тән болған миллий өзиншелиги емес, барлық халықлардың ең ҳасыл перзентлерине тән болған, улыўма инсаный қәдириятлардың бири есапланады. Әдебияттаныўдың туңғыш мийнети болған Аристотельдиң (б.э.ш.384-322) «Поэтика» мийнетинде тилге алынған Гомердиң (б.э.ш. IX-VIII әсирлер) «Илиада» (Троя) ҳәм «Одиссея» сыяқлы дәстанларында Ўатан ушын ислениўи керек болған ең уллы хызметлер инсаниятқа мәлим болған дәслепки көркем сөз үлгилеринде көркем баян етиледи.

Ҳиндлердиң «Маҳабҳарата» (б.э.ш.IX әсир) ҳәм «Рамаяна» (б.э.ш. VII-VI әсирлер) дәстанларында, қырғызлардың «Манас» дәстанында, түркменлердиң «Гөруғлы» дәстанында, қарақалпақ халқының «Алпамыс», «Қырқ қыз», «Ер Шора» ҳәм басқа да халықлардың фольклорлық дөретпелериниң баслы темасы Ана Ўатан пәраўанлығы ҳәм оның тынышлығы мазмунына қурылған. Көркем шығарманың баслы темасы болған ўатансүйиўшилик идеялары бүгин пайда болған түсиниклерден емес.

Инсаният цивилизациясы басланған алғашқы дәўирлерден-ақ бул темада арналған шығармалар мың сан. Бизиң заманымыз көркем сөз дүньясының да гөнермес темаларының бири Ўатан екенлиги ҳәр бир халықтың дөретиўшилери мысалында көриўимиз мүмкин.

Теодор Драйзер (Америка), Луи Арагон (Франция), Генрих Манн (Германия), Рабиндранат Тагор (Ҳиндстан), М.Горький, М.Шолохов (Россия), Ш.Айтматов (Қырғызстан) М.Әўезов (Қазақстан), А.Қадирий (Өзбекстан), И.Юсупов, Т.Қайыпбергенов (Қарақалпақстан) сыяқлы жазыўшы-шайырлар Ўатан темасына жаңаша жантасыўлар ислеп, «ески» мазмунды жаңа формалар менен байытады ҳәм жүректен шыққан кеширмелерин Ўатан туйғысына бағышлайды. Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясында шайырлар дөреткен лирикалық шығармаларында лирикалық қаҳарманның Ўатан ҳаққында гә сүйсинип, гә күйинип, гә налынып атырғанлығын көриўимиз мүмкин. Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясының раўажланыўына елеўли үлес қосып киятырған шайырлардың бири Оразбай Сәтбаев (1955) болып табылады. Шайырдың «Дәслепки қар» (1988), «Ай сығалайды» (1992), «Дөңбекшиген дүньясаң» (1995), «Тырналар» (1997) атлы поэзиялық топаламлары басылып шықты. Дүнья жүзилик әдебий мийрасларынан «Европа ҳәм океания» халық ертеклерин қарақалпақ тилине аўдарды. Шайырдың туўылған жер ҳәм ел-журт ҳаққындағы қосықларын оқып қарағанымызда оның Ўатанды жырлаўдың дәстүрий формаларынан өзгешерек жол таңлағанлығын көремиз. Мәселен, «Қаракеңлик» қосығында Ўатанның, елдиң гөззаллығын, тилге қонымлы тәреплерин мақтаў етип толып таспайды керисинше, елиниң алға қарай раўажланыўға қәдем қоймай өзгериссиз жасап атырғанлығына ишлей қыйналады.

Өмир жолы белес-белес,
Айт, нелерди көз көрмейди,
Ҳәмме нәрсе өзгерсе де,
Қарақалпақ өзгермейди.

Қанша аўыр келседағы,
Тәрезеде баҳа тасы,
Лекин, ҳасла өзгермейди,
Қарақалпақтың ўаҳаҳасы.

Тарлық ийти қаўсадағы,
Бул елатта бәри кеңлик,
Басына тас жаўсадағы,
Өзгермейди қаракеңлик [1.13].

Қосықты оқыўшы бир оқығанда шайырдың өз елин мақтап атырғанға уқсатады. Солай, қабыл етилиўи де мүмкин. Бирақ шайырдың ишки кеширмесине тереңирек үңилетуғын болсақ, ол халқының өзгермеслигинен кеўли толып, разы болып атырғанға уқсамайды. «Өмир жолы белес-белес,\\ Айт, нелерди көз көрмейди» – шайыр қарақалпақ халқының тарийхына штрих таслаған сыяқлы оның өтмиште көп қыйыншылық, азап-ақырет шеккенлигин уқтырмақшы болады. Ал, өткенде алған қәтеликлеринен сабақ шығармай өзгермегенлигине налынады. «Тарлық ийти қаўсадағы, \\ Бул елатта бәри кеңлик, \\ Басына тас жаўсадағы, \\ Өзгермейди қарекеңлик».

Шайырдың қосық қатарларын оқып ирониялық мазмун бар екенлигин сезиў мүмкин. Жоқшылық басларына тас жаўып атырса да қарақалпалпақ халқының өзгермес жигерин шайыр мақтап турғанға уқсайды да, бирақ бул кеўилсиз жағдайларды болдырмай, алдын алыўды ойламаған халықтан наразы екенлигин аңлаў мүмкин. Шайыр елдиң тиришилеў болыўын, мийнет етиў арқалы жақсы минез-қулыққа ийе болыўға, өзгериўге шақырып атырғандай көринеди. «Ол (О.Сәтбаев–С.Ф.) турмыстағы кишкене бөлекшелерден-ақ үлкен социал-жәмийетлик жуўмақлар шығарып, оқыўшыларға терең ой салыўға, усы арқалы ҳақыйқатлық, ҳадаллық, жоқары адамгершилик, меҳир-муҳаббат идеяларын алға сүриўге умтылады» [2.142-143].

Шайырдың «Тырналар» қосығында сөз мәниси аўыстырылмастан, туўрыдан-туўры Елиниң Арал теңизи себепли аўыр ҳәсиретке түсип атырғанлығын жырлайды. Шайыр ишки кеширмелерин бериўде қосыққа сондай ишки форма таңлайды ол тәбият ҳәдийсеси ҳақ-қындағы кеширмени тәбият ағзасы тырналарды көркем деталь сыпатында пайдаланып, олар менен руўхый сәўбет қурады. Жанландырыў арқалы шайыр тырналар менен Аралдың қурып питиўи ҳаққындағы дебдиўлерин бөлиседи.

Тыррыў-тыррыў тырналар,
Тыррыўласқан тырналар,
Әмиў жетип Аралға,
Қашан толар жылғалар?

Тыррыў-тыррыў тырналар,
Тыррыўласқан тырналар,
Аралымыз көз жумса,
Барлық нәрсе қум қабар.

Шайыр бул қосығында тек ғана Арал машқаласын көтерип қоймастан, теңиздиң қурыў апатшылығы елге де аўыр ақыбетлердиң алып келиўинен қайғыға түседи. Лирикалық қаҳарман тырналардың елден кетиўин жақсылыққа жорымайды.

Айтып кетиң тырналар,
Бул журт қашан нурланар?
Сизлер узап кеткенде,
Кеўлимизде муң қалар.

Тыррыў-тыррыў тырналар,
Тыррыўласқан тырналар,
«SOS! Тез жәрдем!» дабылын,
Биз болмасақ ким қағар? [3.5]

Шайыр Арал машқаласын тек ғана қарақалпақ халқының машқаласы деп қарамайды. Бул дүнья жәмийетиниң тәбийий апаты екенлигин, оның аўыр ақыбетлерин сапластырыў ҳәм алдын алыў зәрүрлиги пүткил инсаныяттың алдындағы машқалалардың бири екенлигин уқтырады. Сонлықтан халықаралық «Жәрдем сораў» сөзи болған «SOS» [4] термининен өз қосығында пайдаланады. SOS Морзе кодындағы айрықша жағдай сигналы болып табылады.

Тырналарға мүрәжәәт етиў, оның менен Ана тәбияттың жоғалтыўлары ҳаққында сәўбет қурыў, олардың ел ишинде жасаўы елдиң берекети деп билиў шайыр И.Юсуповтың «Тырналар» қосығында да ушыратамыз.

Әл ҳаўада қанатларын талдырып,
Жат мәнзилге сапар шеккен тырналар,
Айралық дәртинде бизде қалдырып,
Шадлығымды алып кеткен тырналар.
Таңларым оянбас толқын сестинен,
Қайлардан аларман ондай күшти мен?
Дузлы шаңғыт көмген көллер үстинен,
Бул жағысқа түспей барар тырналар [5.197].

Арал апатшылығы арқалы елдиң басына түсетуғын ақыбетлер еки шайырдың да тыныншын алады. Елге берекет дарытқан Аралдың қурыўы пүткил еллер ушын аўыр ақыбетлерди алып келиўин ишки кеширмелеринде сезинеди. Олардың қосықларында ишки кеширмелер тәбияты уқсас келеди. Буны қосық дөретиўде шайырлар тәрепинен таңланған ишки формалардың сәйкес келетуғынлығы менен дәлиллесек те болады.

Жуўмақлап айтқанда, Ўатан, туўылған жер, заман ҳәм ел-журт ҳаққындағы кеширмелер ески тематикалық бағдарлар болғаны менен ҳәзирги қарақалпақ шайырлары дөретиўшилигинде жаңа поэтикалық формаларда жаңаша лирикалық кеширмелер тийкарында берилиўи анықланады. Шайырларымыз заман ҳәм дәўир заңлары шеңберинде туўылған жер ҳәм туўған ел ҳаққында қәлберинде пайда болған кеширмелерин ашықшасына, керек жеринде батыллық пенен жырлай алғанлығына гүўа боламыз.

Әдебиятлар

1. Сәтбаев О. Ай сығалайды. (Қосықлар ҳәм поэма). – Нөкис: 1992. – Б. 13.
2. Turdıbaev Q. «Ǵa'rezsizlik da'wirindegi qaraqalpaq poeziyası». – No'kis: 2011. – B. 142-143.
3. Сәтбаев О. «Тырналар». Қосықлар ҳәм поэмалар. – Нөкис: 1997. – Б. 5.
4. U.S. Navy, Bureau of Naval Personnel, *Radioman 3 & 2*, NAVPERS 10228-B, Washington, D.C.: U.S.G.P.O., 1957, pp. 135, 177, 402.
5. Юсупов И. «Ўатан муҳаббети». Қосықлар. – Нөкис: 2016. – Б. 197.

РЕЗЮМЕ. Мазкур мақолада шоир О.Сатбаевнинг шеърларида ватан ва эл-юрт ҳақидаги кечинмаларнинг берилиш усуллари, ўзига хослиги очиб берилган. О.Сатбаевнинг шеърларидаги лирик қаҳрамон ватанни ўзгача севади. Шоир ижодида кечинмалар турли ҳил деталлар асосида бадиий ифода этилади.

РЕЗЮМЕ. В данной статье в стихах поэта О. Сатбаева раскрываются пути и своеобразие переживаний о родине и стране. Лирический герой стихов О. Сатбаева любит свою Родину. В творчестве поэта переживания художественно выражены на основе различных деталей.

SUMMARY. In this article, in the poems of the poet O. Satbaev, the ways and originality of feelings about the homeland and country are revealed. The lyrical hero of O. Satbaev's poems loves his Motherland. In the poet's work, experiences are artistically expressed on the basis of various details.